



ENSTRIKSYON PWOVIZWA POU SÈVIS ALIMANTÈ ALENTERYÈ VIL NEW YORK PANDAN ETA IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè ou li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Apati 11 septanm 2020

Daprè **Dekrè Egzekitif 202.61**, sèvis alimentè alenteryè yo nan Vil New York ka rekòmanse reprann mèkredi 30 septanm 2020 an akò avèk konsèy pwovizwa sa a.

Objektif

Yo te kreye Enstriksyon Pwovizwa pou Sèvis Alimentè yo Alenteryè Vil New York pandan Ijans Sante Piblik pou COVID-19 la ("Enstriksyon Pwovizwa pou Sèvis Alimentè yo Alenteryè Vil New York pou COVID-19") pou bay pwopriyetè/operatè biznis sèvis alimentè yo nan rejyon Vil New York la ak anplwaye yo, antreprenè yo ak kliyan yo prekosyon yo ka pran pou ede pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19 la.

Konsèy sa a pral aplike pou sèvis alimentè alenteryè ak restoran yo manje anndan, etablisman ak lòt machann manje ak konsesyon nan Vil New York. Yon fwa li antre an vigè, etablisman sèvis alimentè nan Vil New York ka ouvri espas alenteryè ak syèj pou kliyan an akò avèk konsèy sa a; **sepandan, sèvis ba alenteryè a dwe rete fèmen nan moman sa a (sa vle di, pa dwe gen okenn syèj oswa sèvis nan ba a, tout bwason ki gen alkòl dwe sèvi sou tab), epi yo pa dwe pèmèt sèvis alimentè ak bwason alenteryè ant minwi (12:00AM) lè lokal ak 5:00AM, jan sa detaye anba a. Tout sèvis yo dwe sispann a minwi (12:00AM) epi yo pa ka rekòmanse jiska 5:00AM.**

Jan yo te anonse sa, Vil New York pral etabli ak deplwaye yon ekip 400 anplwaye ranfòsman lalwa pou asire biznis ki ofri sèvis alimentè alenteryè ak restoran pou manje anndan nan Vil New York konfòme yo avèk egzijans Eta pibliye ki nan dokiman sa a. **Nenpòt moun ki obsève yon vyolasyon konsèy sa a ta dwe rapòte vyolasyon sa a lè yo rele nan 1-833-208-4160, voye mesaj tèks 'VIOLATION' (VYOLASYON) bay 855-904-5036, oswa ranpli fòm plent lan sou entènèt.**

Gid pwovizwa sa a kapab chanje pliske ofisyèl sante piblik yo evalye enpak li yo, ki gen ladan nenpòt ki chanjman nan transmisyon COVID-19, ak kontwòle konfòmite pwopriyetè/operatè yo. Anplis de sa, direktiv sa yo menm jan yo gen rapò ak restriksyon sou kantite moun ki dwe anndan yo pral re-evalye yo pa pi ta pase 1 novanm 2020 nan konsiderasyon pou yon ogmantasyon de 25% a 50% kapasite toutotan to transmisyon COVID-19 la pa ogmante.

Pou nenpòtsèvis alimentè deyò ak ak pla anpòte/livrezon, biznis yo dwe swiv konsèy ki endike nan "**Enstriksyon Pwovizwa pou Sèvis Alimentè Anplennè ak Pla Anpòte/Livrezon yo Pandan Ijans Sante Piblik pou COVID-19**" (Interim Guidance for Outdoor and Take-Out/Delivery Food Services During the COVID-19 Public Health Emergency) Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, DOH) la".

Konsiy sa yo se jis egzijans minimòm e nenpòt pwopriyetè/operatè lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon. Rekòmandasyon sa yo baze sou pi bon pratik sante piblik nou konnen yo nan moman piblikasyon an, epi dokimantasyon ki sèvi kòm baz pou rekòmandasyon sa yo kapab chanje epi yo chanje souvan. Antite ki Responsab yo – jan yo defini anba la a – gen responsab pou yo adere a tout

kondisyon lokal, eta ak federal yo ki gen rapò ak sèvis manje yo. Antite ki Responsab yo responsab tou pou yo rete okouran de nenpòt dènye mizajou ke yo fè nan kondisyon sa yo, epi tou enkòpore yo nan nenpòt fonksyonman sèvis manje yo ak/oswa Plan Sekirite Espas yo.

Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers of Disease Control and Prevention), Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini (U.S. Food and Drug Administration) an, ak Sekirite Pwofesyonèl ak Administrasyon Sante, Depatman Travay Etazini (United States Department of Labor's Occupational Safety and Health Administration) an pa okouran de okenn rapò ke COVID19 la ka transmèt nan manje. Poutèt sa, yo prevwa ke respè pou Kòd Sanitè NYS (NYS Sanitary Codes) yo pou etablisman sèvis alimantè yo ansanm ak kondisyon adisyonèl yo idantifye kòm yon pati nan direktiv sa ta dwe sifizamman pwotektif kont COVID-19 la.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202 (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 16 mas 2020 an, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.3, ki limite tout konsomasyon manje ak bwason sou plas nan Etablisman pou manje ak bwè nan tout Eta a.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, pou mande tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl nan biwo yo. Biznis ki esansyèl yo, jan yo defini pa enstwiksyon Kòporasyon Devlopman Empire State (Empire State Development Corporation, ESD) yo, pa't sijè a limitasyon an pèsòn, men yo te, sepandan, jwenn lòd pou yo konfòme yo anba enstwiksyon ak direktif ki soti nan Depatman Sante a (Department of Health, DOH) ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize, epi yo te mande yo kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi ki posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.16, pou mande biznis ki esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon mask pou kouvri figi yo, gratis, ke yo dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manm popilasyon an pandan yo nan travay yo. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, ki òdone ke tout moun k'ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti vizaj oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.34, pou otorize operatè/pwopriyetè biznis yo gen mwayen pou yo refize kite rantre moun ki pa mete mask pou kouvri figi yo oswa ki pa respekte kondisyon mask yo.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch an plizyè faz pou ka retounen ouvri endistri ak biznis yo nan New York pa faz ki baze sou yon analiz rejyonal an fonksyon done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te pèmèt pou analiz rejyonal la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki enkli nouvo ka enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tès dyagnostik yo, ak kapasite pou trase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz re-ouvèti an t ap kòmanse nan dat 15 me 2020 nan plizyè rejyon New York, baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke dezyèm faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan divès rejyon New York. Nan dat 3 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yo ta dwe pèmèt manje an deyò nan restoran yo nan dezyèm faz re-ouvèti a, an akò avèk konsèy eta bay la. Nan dat 11 jen 2020, Gouvènè

Cuomo te anonse ke twazyèm faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 12 jen nan divès rejyon New York. Nan dat 24 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke plizyè rejyon nan eta a te sou wout pou yo rantrè nan katrityèm faz reyouvèti a kòmanse apati 26 jen.

Nan dat 9 septanm 2020 an, Gouvènè Cuomo te anonse yo ta pèmèt sèvis manje anndan nan Vil New York ekòmanse apati 30 septanm avèk yon limit 25% kapasite moun ak kondisyon adisyonèl ki nan dokiman sa a. Gouvènè an te anonse tou ke Vil New York ta bay yon ekip ki gen 400 anplwaye ranfòsman pou travay avèk Fòs Entèkansyon Lapolis Eta (State Police Task Force) a pou asire konfòmite avèk direktiv sa a.

Anplis nòm ki annapre yo, biznis yo dwe kontinye respekte rekòmandasyon ak direktiv pou kenbe anviwònman travay pwòp ak san danje DOH pibliye yo.

Tanpri pran nòt lè rekòmandasyon yo ki nan dokiman sa a diferan de lòt dokiman rekòmandasyon Eta New York pibliye, se rekòmandasyon ki pi nouvo yo k ap aplike.

Nòm yo pou Sèvis Alimantè Responsab Alenteryè Vil New York

Pa gen okenn aktivite sèvis manje andedan yo ki ka fèt nan Vil New York san yo pa ranpli nòm minimòm Eta yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an.

Nòm Eta a ki genyen nan enstwiksyon sa a aplike pou tout sèvis manje andedan yo ki an fonksyonman nan Vil New York pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 la jiskaske Eta a anile oswa amande yo. Pwopriyete/operatè sit sèvis alimantè a, oswa yon lòt pati jan ke pwopriyete/operatè etablisman jwèt la deziyen (nan nenpòt ka, "Pati ki Responsab yo") pral responsab pou satisfè nòm sa yo.

Enstwiksyon nou pral site la yo òganize an twa kategori diferan: moun yo, espas yo, ak pwosesis yo.

I. MOUN YO

A. Distans Fizik

- Pati Responsab yo dwe asire kapasite alenteryè a limite a sèlman pa plis pase 25% kapasite maksimòm pou yon zòn patikilye jan yo etabli nan sètifika okipasyon an, san konte anplwaye yo.
 - Pati Responsab yo dwe afiche kantite kliyan yo byen klè ki konstitye 25% kapasite nan etablisman yo, epi yo dwe fè afichaj sa yo vizib pou anplwaye ak kliyan yo andedan restoran an, ansanm ak rann li vizib pou moun ki soti nan pati eksteryè restoran an (pa egzanp, mete afiche sou pòt).
 - Pati Rponsab yo dwe pèmèt yo antre nan etablisman sèvis alimantè a sèlman pou anplwaye yo oswa kliyan yo si yo pran tanperati yo anvan oswa imedyatman lè yo ap antre nan etablisman sèvis alimantè a epi si yo gen yon tanperati ki pa pi wo pase 100.0 °F (jan sa dekri anba a nan Seksyon III:

Pwosesis, Souseksyon A: Depistaj ak Tès); ak

- Pati Responsab yo dwe pèmèt sèlman kliyan yo manje an dedan si yon moun ki soti nan chak pati siyen anvan oswa imedyatman lè yo antre nan etablisman an sèvis alimantè a, pou li bay non konplè, adrès, ak nimewo telefòn pou itilize nan kad efò trasaj kontak yo.
 - Pwosesis siyen an ka fèt atravè nenpòt ki mwayen ke Pati Responsab yo etabli pou kolekte enfòmasyon kontak ki pi wo a, ki gen ladan men pa limite a yon aplikasyon dijital ak/oswa fòm milè papye.
 - Pati Responsab yo dwe kenbe yon dosye done sinyati ki mansyone pi wo a pou yon peryòd minimòm 28 jou epi rann done sa yo disponib pou depatman sante eta a lokal yo sou demand.
- Pati Responsab yo ta dwe asire ke yon distans pou pi piti sis pye kenbe pami anplwaye yo tout tan, sof si aktivite prensipal la egzije yon distans ki pi kout (egzanp, fè manje, netwayaj, debarase tab yo, fè antretyen). Kèlkeswa distans fizik la, Pati Responsab yo dwe asire tout anplwaye yo mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo toutan.
 - Kliyan yo dwe pote tou yon kouvèti pou figi tout tan, eksepte pandan yo chita; depi ke, sepandan, kliyan an gen plis pase de ane epi li kapab tolere medikalman kouvèti sa a.
 - Pami kachnen ki akseptab pou COVID-19 gen kachnen an twal pou kouvri figi ak mask dispozab ki kouvri ni bouch la ni nen an.
 - Sepandan, kouvèti ki fèt an twal, ki ka jete, oswa lòt kouvèti vizaj ki fèt lakay yo pa kouvèti vizaj ki akseptab pou aktivite nan espas travay ki egzije yon nivo pwoteksyon ki pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsonèl (PPE) akòz nati travay la. Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa PPE ke yo itilize anba lòt endistri ki egziste yo ta dwe kontinye itilize, menm jan sa defini selon enstriksyon OSHA yo.
- Pati Responsab yo dwe asire tab yo avèk chèz pou kliyan yo separe ak yon minimòm sis pye nan tout direksyon. Kèlkeswa kote distans pa posib ant tab yo, Pati Responsab yo dwe konstwi baryè fizik ant tab sa yo. Baryè fizik yo dwe omwen senk pye wotè epi yo pa dwe bloke sòti ijans ak/oswa dife yo.
- Pati Responsab yo dwe limite kantite kliyan yo nan nenpòt evènman nan etablisman sèvis alimantè a, a mwens 25% kantite moun maksimòm lan oswa restriksyon aktyèl rasanbleman sosyal ki an vigè pou rejyon an nan kas re-ouvèti pa faz Eta a (sa vle di, 50 oswa mwens moun nan rejyon Faz 4 yo, apati 10 septanm 2020).
- Pati Responsab yo ka fè yon kantite noun chita sou yon sèl tab jan tab la pèmèt sa, avèk yo kantite maksimòm 10 moun pou chak tab.
 - Moun ki chita sou yon tab yo dwe se manm menm pati a men yo gendwa soti nan diferan fanmi. Anplis, moun ki se manm nan menm pati a ka rive, chita, epi kite nan diferan moman toutotan entèraksyon yo rete limite a lòt manm pati yo sèlman.
 - Yo sèlman pèmèt tab komen yo kote plizyè pati chita sou yon menm tab ki laj si yon distans omwen sis pye ka konsève ant pati yo.
- Pati Responsab yo dwe entèdi chita ak sèvis nan ba yo. Ba yo ka itilize sèlman kòm yon sous pou anplwaye yo prepare bwason pou sèvi kliyan yo sou tab yo.
 - Anplis, Pati Responsab yo dwe entèdi kliyan yo mache pOU rive nan ba, oswa kanpe nan ba a pou kòmande, peye, oswa pou yo sèvi yo.
- Pati Responsab ki ofri aksè twalèt bay kliyan yo dwe ankouraje distans sosyal anndan twalèt yo epi pandan y'ap rete tann twalèt yo.

- Pati Responsab yo gen dwa chanje itilizasyon ak/oswa mete restriksyon sou kantite pòs travay ak zòn pou anplwaye chita yo, yon jan pou anplwaye yo gen yon distans omwen sis pye ki separe yo youn de lòt nan tout direksyon (paregzanp youn sou kote lòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa sèvi avèk menm pòs oswa espas yo san yo pa netwaye ak dezenfekte apre chak itilizasyon. Lè distans lan pa posib (egzanp, estasyon ramasaj, kès anrejistrez yo), Pati Responsab yo ka adopte baryè fizik (egzanp, mi pwoteksyon an plastik) nan zòn kote yo pa ta afekte kliks lè, chofaj, refwadisman, oswa vantilasyon epi yo pa dwe bloke sòti ijans ak/oswa dife yo.
 - Si yo itilize yo, yo dwe mete baryè fizik yo konfòmman ak rekòmandasyon OSHA yo.
 - Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan rido an band, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Antite ki Responsab yo dwe entèdi itilizasyon espas piti yo (pa egzanp, glasyè, sal estokaj yo) pa plis ke yon anplwaye alafwa, amwens ke tout moun ki nan espas sa a an menm tan mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo. Sepandan, menm si yo itilize kouvèti vizaj pa dwe gen plis pase 25% kantite moun maksimòm nan espas la, sof si li fèt pou se yon sèl moun ki ladan. Pati Responsab yo ta dwe ogmante vantilasyon an ak lè eksteryè nan pi wo nivo posib (egz: ouvri fenèt ak pòt yo nan kuizin nan), pandan y'ap kenbe pwotokòl sekirite yo..
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon, pa egzanp, pandan y'ap itilize tep oswa pano ak flèch nan lale ki jis, koulwa oswa espas, epi afiche pano ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (egzanp, estasyon pou tcheke antre/soti, pòs depistaj, sal repo yo).
 - Pati Responsab yo dwe klèman sinyale espas sis pye nan:
 - Nenpòt liy pou kliyan yo k'ap tann pou yo kòmande, pase pran manje, chita, oswa itilize twalèt la (egzanp, lè yo sèvi avèk tep oswa lòt mwayen ki efikas egalman); ak
 - Nenpòt lye kote yo pase pran oswa peman (egzanp, kontwa, tab, rejis).
- Pati Responsab yo dwe dezinye antre/sòti pou kliyan yo ak antre/sòti separe pou anplwaye yo, kote sa posib.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo tann nan machin yo a oswa deyò nan yon distans sosyal apwopriye jiskaske manje a prepare pou yo pran li oswa jiskaske yo pare pou yo mete yo chita.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo plase kòmand adistans sou entènèt oswa pa telefòn.
- Kote sa posib, Pati Responsab yo ta dwe pèmèt kòmand, peman, livrezon, ak ramasaj ak/oswa aplike ramasaj sou twotwa san kontak.
 - Lè peman san kontak la pa posib, Pati Responsab yo ta dwe minimize itilizasyon biyè ak prezante papyè resi sèlman.
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere pèmèt kliyan ki pral chita yo pou yo kòmande davans pou limite kantite tan y'ap pase nan etablisman an.
- Pati Responsab yo dwe afiche pano toupatou atravè sit la, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo ka devlope pwòp siyalizasyon pa yo ki espesyal pou espas travay yo a oswa anviwònman, depi siyalizasyon an an akò ak siyalizasyon Depatman an. Yo dwe itilize afichaj yo pou raple anplwaye ak kliyan yo pou:

- Rete lakay nou si nou malad.
- Kouvri nen yo ak bouch yo ak yon kouvèti vizaj tout tan si yo se anplwaye, epi tout tan eksepte pandan yo chita, si yo se kliyan.
- Mete yo an karantèn si dènyèman yo te nan yon eta ki gen gwo transmisyon kominotè COVID-19, dapre [avi vwayaj](#) DOH la.
- Byen konsève epi, lè sa nesèsè, jete ekipman pou pwoteksyon pèsònèl yo.
- Respekte enstriksyon sou distans sosyal yo.
- Rapòte sentòm oswa kontak avèk COVID-19, ak kijan yo dwe fè l.
- Suiv rekòmandasyon yo pou ijyèn men ak netwayaj ak itilizasyon dezenfektan.
- Suiv ijyèn respirasyon apwopriye ak etikèt pou tous.
- Rapòte nenpòt vyolasyon ou lè yo rele 833-208-4160, oswa lè yo voye mesaj tèks 'VIOLATION' (VYOLASYON) nan 855-904-5036

B. Rasanbleman nan Espas Fèmen yo

- Antite ki Responsab yo dwe limite rasanbleman anplwaye an pèsòn yo (pa egzanp, reyinyon pèsònèl yo) nan pi gwo mezi posib, epi yo dwe itilize lòt metòd ki ka aplikab yo, tankou konferans nan videyo oswa telefòn lè sa posib, konfòmman a enstwiksyon CDC pase nan "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Panifye epi Fè Entèkansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 \(COVID-19\)](#)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè konferans pa videyo oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo dwe fè reyinyon yo nan espas ouvè, byen ayere epi pran dispozisyon pou moun yo kenbe distans sosyal sis pye youn ak lòt (paregzanp, si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè anplwaye yo sote yon chèz).
- Antite ki Responsab yo ta dwe ankouraje distans sosyal lè y'ap limite kantite moun ki okipe espas yo oswa fèmen enstalasyon anplwaye ki pa esansyèl yo ak espas kolektif yo ki pa pèmèt distans sosyal apwopriye yo. Si yo ouvè yo, Pati Responsab yo dwe mete sanitizè pou men oswa papyè dezenfekte disponib toupri ekipman sa yo (egzanp, distribitè otomatik, estasyon kafe kominal).
- Antite ki Responsab yo dwe mete an plas pratik pou distans sosyal ki apwopriye nan espas ki piti yo, tankou twalèt ak sal poz yo, epi yo ta dwe devlope afichaj ak sistèm (pa egzanp, mete siy lè yo okipe) pou limite okipasyon lè yo pa ka kenbe distans sosyal nan zòn sa yo; epi
- Pati Responsab yo dwe repati orè yo pou anplwaye yo kapab respekte distans sosyal (sa vle di, sis pye espas) pandan rasanbleman, pa egzanp, poz yo, repa yo, kòmansman/fen peryòd travay yo.

C. Aktivite nan Espas Travay la

- Pati Responsab yo dwe sispann sèvi kliyan yo manje ak bwason ant minwi (12:00AM) lè lokal ak 5:00AM; Malgre ke, Pati Responsab yo ka pèmèt kliyan yo rete chita apre minwi pou trant minit apre sèvis yo fini, sèlman nan objektif pou yo fini konsome repa yo. Tout sèvis yo dwe sispann a minwi (12:00AM) epi yo pa ka rekòmanse jiska 5:00AM.
- Antite ki Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak ak rasanbleman entèpèsònèl yo, apati metòd tankou:
 - limite prezans moun nan a sèlman sila ki nan staf la ki nesèsè;

- ajiste orè lye travay la;
 - redwi mendèv ki sou plas yo pou respekte konsiy distans sosyal yo;
 - konsepsyon evolutif (egz: ekip A/B, repati lè arive/depa);
 - priyorite travay ki pèmèt distans sosyal sou sa yo ki pa pèmèt sa;
 - evite plizyè gwoup ak/oswa ekip travay nan yon zòn nan repati travay pwograme ak nan itilize siy ki endike zòn okipe yo; ak/oswa
 - segmante ak regwoupe aktivite yo, lè sa posib, pou moun yo kapab respekte distans sosyal la epi redui kantite men k ap manyen ekipman an menm tan.
- Kote sa posib, Pati Responsab yo ta dwe dekouraje anplwaye k'ap prepare manje yo chanje espas travay oswa antre nan espas travay lòt moun yo pandan orè yo, sof si yo netwaye ak/oswa dezenfekte, jan sa apwopriye.
 - Pati Responsab yo ta dwe deziyen zòn travay distenk pou sèvi yo, kote sa posib.
 - Pati Responsab yo ta dwe ankouraje rezèvasyon chèz pou kliyan yo kote sa posib, pou diminye kongregasyon kliyan k'ap tann pou yo chita ak pou yo sèvi yo.
 - Pati Responsab yo pa dwe bay kliyan yo aparèy (pa egzanp avètisè yo) pou bay alèt pou endike ke syèj oswa yon kòmman ki disponib, amwenske yo netwaye ak dezenfekte aparèy sa yo konplètman chak fwa yo fin itilize.
 - Yo ankouraje Antite ki Responsab yo pou yo itilize anons odyo, tèks mesaj oswa avi sou ekran yo pou kominike avèk kliyan yo ki ap tann yon kòmman oswa pou yo chita.
 - Pati Responsab yo ka ouvri bifè yo, depi ke pa gen sèvis lib epi ke yo genyen sifizaman pèsònèl pou asire ke okenn kliyan ki ap touche objè komen yo (pa egzanp, nan sèvi kiyè yo, kouvè yo) epi ke yo kenbe distans sosyal apwopriye.
 - Jan sa mansyone pi wo a, Pati Responsab yo ka ouvri zòn ba alenteryè yo pou anplwaye yo prepare bwason pou yo sèvi kliyan yo bò tab la; sepandan, chèz ba yo dwe rete fèmen epi yo pa ka sèvi okenn kliyan nan ba a pou nenpòt ki rezon.

D. Mouvman ak Kòmès

- Pati Responsab yo dwe siveye yon fason estrik kontwole fliks sikilasyon an andedan etablisman sèvis alimantè a pou asire yo respekte egzijans sou kantite moun maksimòm nan ak distans sosyal yo, epi yo dwe kenbe tout tan yon kontaj kòrèk sou kapasite aktyèl etablisman an pou asire ke li pa depase 25% kantite moun maksimòm nan. Pati ki responsab yo dwe etabli zòn yo deziyen pou kòlèk ak/oswa livrezon pou founisè yo, limite kontak nan limit ki posib.
- Pati Responsab yo dwe limite kontak nan lokal la (paregzanp deziyen yon sòti pou travayè k ap kite woulman travay yo ak yon lòt antre separe pou travayè k ap kòmanse woulman travay yo) ak sikilasyon (paregzanp anplwaye yo dwe rete toupre espas travay yo lepli souvan posib).
- Pou founisè ki vle vini nan lokal la, Pati Responsab yo ta dwe asire yon pwosesis yon moun alafwa, kote sèlman yon founisè livre yon pwodwi alafwa, anplwaye yo netwaye ak dezenfekte sifas yo touche anpil yo, epi pwochen founisè a kapab antre nan espas yo.

- Kote sa posib, Pati Responsab yo ta dwe limite kantite antre yo pou (1) jere fliks sikilasyon andan batiman an ak (2) fasilite depistaj sante jan yo dekri anba a pandan y'ap rete an konfòmite ak règleman sou sekirite kont ensandi ak lòt règleman ki aplikab yo.
- Pati Responsab yo dwe devlope yon plan pou moun yo kenbe distans sosyal sis pye pandan y'ap fè liy anndan oswa andeyò etablisman an pou tès depistaj, jan sa aplikab.

II. ESPAS YO

A. Sistèm Filtrasyon Lè ak Vantilasyon Batiman yo

- Pou etablisman sèvis alimentè nan Vil New York ki gen sistèm tretman lè santral, Pati Responsab yo dwe asire filtrasyon sistèm HVAC santral la reponn ak filtrasyon ki pi eleve ki konpatib ak sipò filtè a ak sistèm tretman lè ki aktyèlman enstale, o minimòm MERV-13, oswa ekivalan oswa pi plis a endistri a (egzanp, HEPA), jan sa aplikab, ak jan sa sètifye ak dokimante pa yon teknisyen sètifye, pwofesyonèl, oswa konpayi HVAC, pwofesyonèl sètifye ASHRAE, pwofesyonèl retwo komisyon sètifye, oswa enjenyè an batiman ki gen lisans pwofesyonèl New York.
 - Pati Responsab yo ta dwe konsidere tou pou adopte pwotokòl adisyonèl sou vantilasyon ak reduiksyon filtrasyon lè dapre rekòmandasyon CDC ak ASHRAE yo, patikilyèman pou batiman ak sistèm tretman lè ki gen plis pase 15 ane, tankou:
 - Pèfòme retwo komisyonin nesèsè nan sistèm santral yo, ansanm ak teste, balanse, ak repare jan sa nesèsè;
 - Ogmante nivo ayerasyon yo ak ayerasyon lè ki soti deyò yo nan limit ki posib;
 - Kenbe sistèm nan an mach pou plis tan, espesyalman pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre okipasyon;
 - Dezaktive vantilasyon sou demand, kote rezonab, epi kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre;
 - Kenbe yon imidite relativ ant 40-60% kote sa posib;
 - Ouvri bouch ayerasyon lè deyò yo pou ka redwi oswa elimine resiklaj lè yo nan limit ki posib;
 - sele bò filtè a pou limite pasaj;
 - Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen opere, ak si filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo ak pandan dire de tan yo;
 - Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò okipan an;
 - Enstale iradyasyon jèmisid iltravyolèt (UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo; ak/oswa
 - Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere.
- Pou etablisman sèvis alimentè nan Vil New York ki gen sistèm tretman lè santal ki pa ka trete nivo filtrasyon minimòm ki endike anwo a (sa vle di, MERV-13 oswa pi plis), Pati Responsab yo dwe gen yon teknisyen sètifye, pwofesyonèl, oswa konpayi HVAC, pwofesyonèl sètifye ASHRAE, pwofesyonèl retwo komisyon sètifye, oswa enjenyè an batiman ki gen lisans pwofesyonèl New York ki sètifye epi dokimante ke sipò filtè ki aktyèlman enstale a pa konpatib ak nivo filtrasyon minimòm ki endike anwo a (sa vle di, MERV-13 oswa pi plis) ak/oswa sistèm tretman lè a pa ta kapab an mezi pou fonksyone

nivo minimòm chofaj ak refwadisman ke li te otreman kapab founi anvan ijans sante piblik COVID-19 la si yo te enstale yon degre filtrasyon elve konsa (sa vle di, MERV-13 oswa pi plis).

- Anplis, Pati Responsab yo dwe konsève dokiman sa a pou ofisyèl depatman sante eta oswa lokal yo revize pou opere nan yon to filtrasyon ki pi piti ak pwotokòl reduiksyon vantilasyon ak filtrasyon lè adisyonèl.
- Anplis de sa, Pati Responsab yo ki gen etablisman ki gen yon sistèm tretman lè santral ki pa kapab satisfè yon to filtrasyon MERV-13 oswa pi plis dwe adopte pwotokòl reduiksyon vantilasyon ak/oswa filtrasyon lè adisyonèl dapre rekòmandasyon [CDC](#) ak [ASHRAE](#) yo, enkli:
 - Pèfòme retwo komisyonin nesèsè nan sistèm santral yo, ansanm ak teste, balanse, ak repare jan sa nesèsè;
 - Ogmante nivo ayerasyon yo ak ayerasyon lè ki soti deyò yo nan limit ki posib;
 - Kenbe sistèm nan an mach pou plis tan, espesyalman pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre okipasyon;
 - Dezaktive vantilasyon sou demand, kote rezonab, epi kenbe sistèm ki ogmante apwovizyonman lè fre;
 - Kenbe yon imidite relativ ant 40-60% kote sa posib;
 - Ouvri bouch ayerasyon lè deyò yo pou ka redwi oswa elimine resiklaj lè yo nan limit ki posib;
 - sele bò filtè a pou limite pasaj;
 - Regilyèman enspekte sistèm ak filtè yo pou asire ke yo byen opere, ak si filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo ak pandan dire de tan yo;
 - Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò okipan an;
 - Enstale iradyasyon jèmisid iltravyolèt (UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo; ak/oswa
 - Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere.
- Pou etablisman sèvis alimentè nan Vil New York ki gen ki pa gen sistèm tretman lè santral, oswa ki pa opere oswa otreman kontwòle sistèm tretman lè santral yo, Pati Responsab yo dwe adopte pwotokòl reduiksyon vantilasyon ak filtrasyon lè adisyonèl dapre rekòmandasyon [CDC](#) ak [ASHRAE](#) enkli:
 - Regilyèman enspekte nenpòt sistèm vantilasyon chanm yo (egzanp, inite fenèt yo, inite mi yo) pou asire ke yo byen opere, ak si filtè yo byen enstale, si yo fè sèvis ladan yo ak pandan dire tan yo.
 - Kenbe nenpòt sistèm vantilasyon chanm yo an mach pou plis tan, espesyalman pou plizyè èdtan chak jou anvan ak apre okipasyon;
 - Etabli sistèm vantilasyon chanm pou maksimize konsomasyon lè fre, fikse vantilatè yo a vitès ki ba ak mete yo lwen okipan nan limit ki posib;
 - Kenbe yon imidite relativ ant 40-60% kote sa posib;
 - Ouvè fenèt yo nan limit ki akseptab pou sekirite ak konfò okipan an;
 - Fikse nenpòt vantilatè plafon pou rale lè k'ap soti anlè a lwen okipan yo, si sa posib;
 - Priyorite vantilatè fenèt yo pou evakye lè andedan an lè sa posib;

- Evite sèvi avèk vantilatè ki sèlman resikle lè oswa sèlman soufle lè nan yon chanm san yo pa founi evakyasyon; ak/oswa
- Enstale iradyasyon jèmisid ultravyolèt (UVGI) ki fèt ak deplwaye yon fason ki apwopriye pou dezaktive patikil viris ayeryèn yo; ak/oswa
- Itilize pwodui netwayaj lè pòtab (eg, inite elektrik HEPA), konsidere inite ki bay pi gwo to chanjman lè nan nivo pèfòmans apwopriye epi ki pa jenere sou-pwodui ki danjere.

B. Zòn kwizin

- Avan yo retounen travay, Pati Responsab yo dwe fè verifikasyon avan retou yo ak evalyasyon sistèm kwizin yo pou asire yon anviwònman sante ki an sekirite.
- Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye Kuizin yo mete mask pou kouvri figi yo toutan.
- Pati Responsab yo ta dwe Re-amenaje kwizin yo pou kenbe sis pye distans, nan mezi sa posib.
 - Pati Responsab yo ta dwe repati peryòd travay yo, si posib, pou fè travay (pa egzanp, preparasyon manje) an avans sou kalandriye a.
- Nan mezi sa posib., Pati Responsab yo ta dwe asire pèsònèl kwizin yo devwe ak yon sèl pòs pandan tout peryòd travay yo a (pa egzanp salad oswa babekyou oswa desè yo).
- Kote sa aplikab, Pati Responsab yo ta dwe etabli makè nan espas travay yo ak nan zòn yo ak tep sou planche a pou sinyale distans sis pye nan tout direksyon.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje anplwaye kwizin yo plase atik yo sou kontwa a pou pwochen moun lan pran yo, olye de pase atik yo men nan man.
- Pati Responsab yo dwe redwi pataj ekipman kwizin ant anplwaye yo (pa egzanp kouto yo, chodyè yo, tòchon/sèvyèt yo), kote sa posib.

C. Ekipman Pwotektif

- Pati Responsab yo dwe asire ke tout anplwaye yo mete mask pou kouvri figi yo toutan. Pati Responsab yo dwe asire anplwaye yo pratike ijyèn men yo epi itilize baryè men toutouni yo an akò avèk Kòd Sanitè Eta ak Lokal yo.
 - Si anplwaye yo mete gan pandan aktivite ki pa preparasyon manje, Pati Responsab yo dwe:
 - Asire anplwaye yo ranplase gan yo souvan; ak
 - Ankouraje anplwaye yo chanje gan lè yo chanje tach yo (pa egzanp sèvi kliyan yo nan vlope ajantri yo davans).
 - Si anplwaye yo pa pote gan, Pati Responsab yo dwe asire anplwaye yo lave ak/oswa dezenfekte men yo souvan.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye yo ki ap apwovizyone tab yo lave men yo avèk savon ak dlo epi, si yo ap pote gan, ranplase gan yo, avan ak apre netwayaj ak dezenfeksyon tab yo.
- Pati Responsab yo dwe kite kliyan antre nan etablisman an sèlman si yo mete yon kachnen akseptab; depi kliyan an gen plis pase laj de zan epi li kapab sou plan medikal tolere kachnen sa a.

- Pati Responsab yo dwe egzije kliyan yo pote kouvèti pou figi yo lè yo chita sou yon tab (pa egzanp lè yo ap tann pou pran, mache ale/sòti nan tab, mache ale/sòti nan twalèt).
- Yon fwa ke yo chita, Pati Responsab yo ta dwe ankouraje, men pa egzije, kliyan yo pote yon kouvèti pou figi lè yo ap entèaji avèk pèsònèl la oswa otreman lè yo pap manje ak/oswa bwè.
- Anplis de PPE nesèsè jan yo egzije l pou kèk aktivite nan espas travay, Pati Responsab yo dwe genyen, fè oswa jwenn kouvèti vizaj akseptab epi bay anplwaye yo kouvèti sa yo san peye pandan yo nan travay. Pati Responsab yo ta dwe gen yon kantite kouvèti vizaj rezonab, mask ak lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) sou men pou si yon anplwaye ta bezwen ranplase oswa pou si yon founisè ta nan bezwen. Mask pou kouvri figi ki akseptab yo gen pami yo, men yo pa limite a, mask ki fèt ak rad yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijik yo, respiratè N95 yo, ak mask pwoteksyon figi yo.
- Yo dwe netwaye oswa ranplase mask pou kouvri figi yo apre yo fin itilize yo epi yo pa dwe pataje yo. Tanpri konsilte konsèy CDC a pou plis enfòmasyon sou kouvèti vizaj an twal ak lòt tip PPE, ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak pwòpte.
 - Note byen kouvèti vizaj ki fèt an twal oswa mask ki ka jete yo pa dwe konsidere kòm kouvèti vizaj akseptab pou aktivite espas travay ki egzije yon pi wo degre pwoteksyon pou egzijans kouvèti vizaj. Pa egzanp, si respiratè N95 yo nòmalman nesèsè pou aktivite sèvis manje yo, yon mask pou kouvri figi ki fèt ak rad oswa ki fèt lakay ou pa pral sifi. Antite ki Responsab yo dwe adere a nòm OSHA yo pou ekipman sekirite sa yo
- Antite ki Responsab yo dwe pèmèt anplwaye yo itilize pwòp mask ki akseptab pou kouvri figi yo, men yo pa ka oblije anplwaye pa yo achte pwòp mask pou kouvri figi yo. Anplis de sa, rekòmandasyon sa yo p ap anpeche anplwaye yo mete pwòp bagay anplis pa yo pou pwoteje tèt yo (paregzanp mask chirijikal, respiratè N95, oswa ekran pou figi), oswa si Pati Responsab yo egzije apa sa pou anplwaye yo mete plis PPE akòz nati travay yo. Konpayi travay yo ta dwe konfòme yo anba tout nòm OSHA ki aplikab yo.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou limite pataj objè, tankou zouti kwizin yo, plim yo ak kanè yo, ansanm ak touche sifas moun pataje, tankou manch pòt ak ekran taktil; oswa, egzije travayè yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè patajeoswa sifas moun touche souvan; oswa, egzije travayè yo lave men yo avan e apre kontak.
- Pati Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou jan pou yo mete, wete, netwaye (si sa aplikab), ak jete PPE yo kòm sadwa, sa gen ladan pami lòt, kachnen apwopriye.

D. Ijyèn, Netwayaj, ak Dezenfeksyon

- Antite ki Responsab yo dwe asire aderans a egzijans ijyèn, netwayaj ak dezenfeksyon yo jan ke CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "Enstwiksyon pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak afichaj "STOP THE SPREAD" (SISPANN PWOPAGASYON AN), jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe jounal netwayaj ki gen dat, lè, ak espas k'ap netwaye a ak dezenfeksyon.
- Pati Responsab yo dwe bay e kenbe estasyon ijyèn men nan espas la, konsa:
 - Pou lave men: savon, dlo cho k'ap koule, ak papyè twalèt ki ka jete.
 - Pou dezenfektan pou men yo: yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl ki genyen omwen 60% alkòl pou espas kote etablisman pou lave men yo ka pa disponib oswa pa pratik.

- Pati Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men ki disponib toupatou nan zòn moun touche anpil yo (pa egzanp, deyò twalèt yo). Li ta dwe plase nan kote ki apwopriye, tankou nan antre, sòti yo, kès yo. Yo ankouraje distribitè dezenfektan pou men san kontak yo.
- Pati Responsab yo dwe mete panno toupren pòs dezenfektan pou men yo ki di men ki sal yon fason vizib dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa mache byen sou men ki sal yon fason vizib.
- Mete veso toupatou nan sit la pou jete bagay sal, pami yo PPE.
- Pou rekiperason/livrezon, Pati Responsab yo dwe:
 - Bay pòs ijyèn men pou kliyan ki ap tann manje ak/oswa bwason yo;
 - Asire anplwaye yo lave men li avèk savon ak dlo oswa itilize dezenfektan pou men abaz alkòl, ak, si anplwaye yo itilize gan, ranplase yo regilyèman; ak
 - Asire si kòlèk/livrezon yo nan espas andedan/fèmen, fenèt ak/oswa pòt yo ouvri pou pèmèt vantilasyon.
- Antite ki Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon ki apwopriye yo pou sifas ki komen epi ke moun manyen souvan yo, epi yo dwe ankouraje anplwaye yo itilize materyèl sa yo lè y'ap swiv enstwiksyon itilizasyon fabrikan yo anvan ak apre itilizasyon sifas sa yo, epi apre fè ijyèn pou men yo.
- Pati responsab yo dwe mennen netwayaj regilye ak dezenfeksyon sit la ak netwayaj pi souvan pou espas ki gen gwo ris plizyè moun itilize ak espas moun touche souvan. Yo dwe netwaye ak dezenfekte yon fason rijid ak konstan epi sa dwe fèt omwen apre chak woulman travay, chak jou, oswa pi souvan si sa nesèsè. Tanpri konsilte "[Konsiy Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstriksyon ki detaye sou jan pou netwaye etablisman epi dezenfekte etablisman yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo regilye. Yo dwe netwaye twalèt yo pi souvan dapre kantite fwa yo sèvi.
 - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize siyalizasyon, makè pou endike kote ki okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo lè sa posib.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke ekipman ak zouti yo netwaye ak dezenfekte regilyèman nan sèvi avèk dezenfektan ki legal, ki gen ladan omwen osi souvan ke anplwaye yo chanje estasyon travay oswa deplase ale nan yon nouvo seri zouti. Sèvi avèk [lis pwodui](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York yo epi EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.
 - Si netwayaj oswa dezenfeksyon pwodwi oswa oswa lefèt ke netwayaj ak dezenfeksyon koze pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa machin, Pati Responsab yo dwe mete an plas estasyon ijyèn men ant itilize ak/oswa founi gan ki ka jete ak/oswa limitasyon sou nonb anplwaye k'ap itilize machin sa a.
 - Pati Responsab yo dwe prevwa netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspozè si yon moun konfime pozitif ak COVID-19 la, yon netwayaj konsa ki pou genyen, o minimòm, tout espas moun frekante ak sifas moun touche anpil (egzanp, zouti pataje yo, ekipman, machin yo, espas travay yo, klavye yo, telefòn yo distribitè otomatik, estasyon kafe kominal yo).

- Enstriksyon CDC sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo sispèk oswa yo te konfime yon moun gen COVID-19 jan sa ye anba a:
 - Fèmen zòn moun ki sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la itilize.
 - Yo dwe fèmen epi netwaye ak dezenfekte zòn ki afekte yo.
 - Si yo sispèk oswa konfime yon anplwaye nan yon kamyon manje gen COVID-19, yo dwe fèmen kamyon manje a jiskaske yo netwaye ak dezenfekte li.
 - Ouvè pòt ak fenèt ki bay sou deyò pou ogmante sikilasyon lè nan zòn nan.
 - Rete tann 24 èdtan anvan ou netwaye epi dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, rete tann pi plis posib.
 - Netwaye epi dezenfekte tout espas moun yo sispèk oswa yo konfime ki gen COVID-19 la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
 - Depi espas la fin byen dezenfekte kòm sa dwa, li ka re-ouvè pou itilize.
 - Travayè ki pa gen kontak sere ak kontak pwòch ak moun ke yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 ka retounen nan zòn travay la imedyatman apre netwayaj ak dezenfeksyon.
 - Refere nou a "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive Ki Ap Retounen nan Travay yo Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon a COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la pou ka jwenn enfòmasyon sou kontak "tou pre oswa pwòch" yo.
 - Si plis pase sèt jou pase depi moun ke yo sispèk oswa malad ak COVID-19 te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Antite ki Responsab yo dwe entèdi anplwaye yo pataje manje ak bwason yo antre yo, ankouraje anplwaye yo pote manje ki soti lakay yo, epi rezève espas ki apwopriye pou anplwaye yo ka kenbe distans sosyal lè y'ap manje. Si Anplwaye yo ap manje andedan sou yon tab ki nòmalman rezève pou itilizasyon kliyan yo, yo ka retire kachnen an pandan y'ap manje oswa bwè, men yo dwe itilize kouvèti vizaj la si yo kanpe oswa deplase soti sou tab la, epi yo pral konte yo nan kad restriksyon 25% kapasite moun nan pou zòn manje sa a. Yo gendwa eksli yon anplwaye ki kapab manje yon repa nan yon zòn ki pa piblik nan restoran an nan kapasite sa a.
- Pati Responsab yo dwe asire ke tout kondiman yo bay kliyan yo dirèkteman yo se resipyan ki gen yon sèl itilizasyon ki ka jete oswa resipyan ki re-itilizab ke yo netwaye/dezenfekte regilyèman, depreferans apre itilizasyon chak pati.
- Pati Responsab yo ta dwe asire ke yo bay vizitè yo meni ki yon sèl itilizasyon, an papyè, ki ka jete ak/oswa yo ta dwe afiche meni yo sou tablo blan/tablo nwa/televizyon/pwojektè yo, kote sa posib. Si yo itilize meni ki pa ka jete, Pati Responsab yo dwe netwaye ak dezenfekte meni yo chak fwa yo fin itilize.
 - Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo gade meni yo anliy (pa egzanp pwòp telefòn entèlijan yo oswa aparèy elektwonik yo a), kote sa posib.
- Pati Responsab yo dwe itilize ajantri ki deja nan pake yo oswa ajantri ki vlope davans. Yo dwe vlope ajantri yo davans pandan anplwaye yo pote mask ak gan.
- Pati Responsab yo pa dwe ofri oswa bay chalimo ak kidan ki pa vlope yo.

E. Reyouvèti An Plizyè Faz

- Nou ankouraje Pati Responsab yo pou yo fè aktivite re-ouvèti yo pa faz pou pwoblèm fonksyonman yo

kapab rezoud anvan pwodiksyon an oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal. Pati Responsab yo ta dwe konsidere limite nonb anplwaye yo, lè, ak nonb kliyan ki disponib pou sèvi lè premye reouvèti a pou ka bay operasyon yo kapasite pou ajiste chanjman an.

F. Plan Kominikasyon

- Antite ki Responsab yo dwe bay deklarasyon ki montre ke yo te revize epi konprann lis enstwiksyon ke Eta a te pase yo, epi ke yo pral mete yo sou pye.
- Pati Responsab yo dwe mete afich byen klè pou anplwaye ak kliyan yo andedan restoran an, ansanm ak nan pati eksteryè restoran an (pa egzanp, mete afiche sou pòt);
 - Kantite kliyan yo ki konstitye kapasite 25% nan etablisman pa yo; epi
 - Nimewo telefòn ak nimewo tèks pou rapòte vyolasyon yo.
 - Moun yo ki obsève vyolasyon ka rapòte pwoblèm yo lè yo rele 833-208-4160 oswa lè yo voye mesaj tèks 'VIOLATION' (VYOLASYON) nan 855-904-5036
- Pati Responsab yo dwe elabore yon plan kominikasyon pou anplwaye yo, founisè yo, ak kliyan yo ki gen ladan enstriksyon, fòmasyon, endikasyon ki aplikab yo ak menm metòd yo pou bay anplwaye yo enfòmasyon. Antite ki Responsab yo ka konsidere devlopman paj entènèt yo, gwoup tèks ak imèl yo, ak rezo sosyo.

III. PWOSESIS YO

A. Evalyasyon ak Tès yo

- Pati Responsab yo dwe egzije pèsònèl la ak kliyan yo konplete yon verifikasyon tanperati avan oswa imedyatman lè yo rive nan etablisman sèvis alimantè a.
 - Yo pa dwe otorize antre nenpòt moun ki genyen yon tanperati ki pi plis pase 100.0°F antre nan etablisman, menm si yo se yon anplwaye oswa yon kliyan.
 - Pati Responsab yo ka itilize kamera tèmik san kontak yo nan antre batiman yo pou idantifye moun ki kapab gen sentòm yo epi mennnen yo nan yon zòn tès depistaj segondè pou konplete yon tès depistaj swivi.
 - Verifikasyon tanperati ka fèt pa Komisyon pou Egalite Chans nan zafè Anplwa (Equal Employment Opportunity Commission) oswa konsèy DOH yo. Yo entèdi Pati Responsab kenbe dosye enfòmasyon sou sante anplwaye oswa kliyan yo (egzanp, done tanperati espesifik yon moun), men yo pèmèt yo kenbe dosye ki konfime moun yo te fè tès depistaj epi rezilta tès depistaj sa yo (eg, reyisi/echwe, otorize/pa otorize).
- Pati Responsab yo dwe egzije omwen yon moun pou chak pati kliyan pou siyen lè yo ap antre nan etablisman sèvis alimantè a (oswa anvan atravè enskripsyon adistans), ki bay tout non yo, adrès, ak nimewo telefòn pou itilize nan kad efò trasaj kontak yo.

- Anplis verifikasyon tanperati yo endike anwo a, Pati Responsab yo dwe reyalize pratik depistaj obligatwa yo chak jou pou anplwaye pa yo epi, kote sa posib, founisè yo, men depistaj sa yo pa dwe obligatwa pou kliyan ak pèsonèl livrezon.
 - Pratik depistaj yo ka fèt a distans (egz: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan anplwaye a prezante nan sit la, nan mezi sa posib; oswa sa ka fèt nan espas la.
 - Yo ta dwe kowòdone evalyasyon yo pou anpeche anplwaye yo melanje an kontak tou pre youn ak lòt anvan yo fin konplete evalyasyon yo.
 - O minimòm, depistaj tout travayè ak vandè yo ta dwe egzije pou konplete yon kesyonè ki detèmine si travayè oswa vandè a te:
 - (a) an tout konesans li tou pre oswa bò kote yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 oswa ki gen oswa te gen sentom COVID-19 yo pandan 14 dènye jou ki sot pase yo;
 - (b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo;
 - (c) santi nenpòt nan sentom COVID-19 yo pandan 14 dènye jou ki sot pase yo; ak/oswa
 - (d) te vwayaje nan yon eta ki gen gwo pwopagasyon kominotè COVID-19 pandan plis pase 24 èdtan nan 14 dènye jou yo.
- Antite ki Responsab yo pa ka mande kliyan yo ranpli yon kesyonè sante men yo ka ankouraje kliyan yo fè sa.
- Refere nou a enstwiksyon CDC pase nan "[Sentom Kowonaviris](#)" (Symptoms of Coronavirus) yo pou kapab jwenn dènye enfòmasyon sou sentom ki asosye ak COVID-19 yo.
- Gade [konsèy vwayaj](#) DOH la pou enfòmasyon ki pi resan sou eta yo ki gen gwo pwopagasyon COVID-19 ak egzijans karantèn yo.
- Pati Responsab yo dwe egzije anplwaye yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom, pandan oswa andeyò lè travay yo.
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k'ap fè aktivite depistaj, ansanm ak verifye tanperati, yo pwoteje nòmman de ekspozisyon a yon anplwaye ki enfekte oswa founisè k'ap antre nan sit la. Pèsonèl ki ap fè aktivite evalyasyon yo ta dwe pran fòmasyon nan men moun ke konpayi travay yo te idantifye kòm moun ki familyè ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo.
- Moun k'ap fè depistaj yo ta dwe gen e itilize PPE, ansanm ak o minimòm, yon mask vizaj, epi ak gan, yon gwo wòb, ak/oswa yon pwoteksyon vizaj.
- Yon moun ki depiste pozitif pou sentom COVID-19 yo dwe pa gen aksè pou antre nan etablisman an epi yo dwe voye anplwaye ki teste pozitif la lakay li ak enstriksyon pou kontakte founisè swen sante l pou evalyasyon ak tès.
 - Pati Responsab yo ta dwe bay anplwaye a enfòmasyon sou swen sante ak resous pou teste.
 - Pati Responsab yo dwe notifiye imedyatman depatman sante eta ak lokal la nan ka kote rezilta tès yo pozitif pou COVID-19 la.
- Antite ki Responsab yo ta dwe refere yo "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive Ki Ap Retounen nan Travay yo Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon a COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la pou ka jwenn enfòmasyon sou pwotokòl ak politik pou anplwaye ki ap chèche tounen nan travay yo apre yon

ka ke yo te konfime oswa sispèk ki gen COVID-19, oswa apre ke anplwaye a te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ki te gen COVID-19.

- Pati Responsab yo dwe deziyen yon pwen kontak santral, ki ka varye selon aktivite, espas, chanjman orè travay oswa jou, responsab pou resevwa ak ateste ke li te revize tout kesyonè yo, ak kontak sa ki idantifye tou kòm pati ke moun yo dwe enfòmè si pita yo santi sentom ki gen rapò ak COVID-19, jan sa endike nan kesyonè a.
- Antite ki Responsab yo dwe chwazi yon sipèvizè sekirite espas la ki gen responsabilite ki enkli konfòmite an pèmanans ak tout aspè ki nan plan sekirite espas la.
- Nan mezi sa posib, Antite ki Responsab yo ta dwe konsève yon dosye sou chak moun, ki enkli anplwaye ak founisè yo, ki ta ka an kontak tou pre oswa bò kote lòt moun ki nan zòn oswa zòn travay la; sa pa enkli kliyan yo ak livrezon ki fèt ak ekipman PPE ki apwopriye oswa apati mwayen san kontak yo. Jounal la ta dwe gen enfòmasyon kontak la pou tout kontak ka idantifye, retrase epi alète si yon anplwaye ta teste pou COVID-19 la. Antite ki Responsab yo dwe kowopere ak efò depistaj kontak depatman sante lokal ak eta yo.

B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe fè depatman sante eta ak lokal la konn sa touswit lè yon kliyan oswa anplwaye nan etablisman pa yo mete yo okouran sou yon rezilta tèst COVID-19 pozitif.
- Nan ka yon anplwaye, founisè, oswa kliyan ki te vin nan biznis la gen tèst pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore avèk depatman sante eta ak lokal la pou retrase tout kontak nan lye travay la epi mete depatman sante eta ak lokal kote sit la sitiye a okouran tout anplwaye ki nan jounal la ak founisè/kliyan (si genyen) ki te antre nan lokal sèvis alimantè a nan 48 èdtan anvan moun lan te kòmanse gen sentòm COVID-19 oswa te gen tèst pozitif, kèlkeswa sa ki pi bonè a. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak regleman federal ak eta a yo egzije a.
 - Nan ka yon moun ki montre sentòm pandan li nan etablisman sèvis manje an, Pati ki Responsab yo dwe notifiye anplwaye yo nan zòn ki ozalantou a yo oswa ki te ka te afekte imedyatman avèk enfòmasyon sou kote moun nan te ye nan tout zòn epi avize yo si moun nan ki gen sentòm yo teste pozitif.
- Depatman sante eta ak lokal la gen dwa, selon otorite jiridik yo, mete sou pye kontwòl ak restriksyon sou depasman pou moun ki enfekte oswa ekspozè yo sa gen ladan izòlman lakay oswa karantèn.
- Moun ke yo te alète ke yo te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ki gen COVID-19, epi ke yo te alète apati depistaj, reperaj oswa lòt mekanis yo, gen obligasyon pou yo rapòte tèt yo bay konpayi travay yo lè yo jwenn alèt la epi yo dwe swiv tout pwotokòl ki referanse anlè a yo.

IV. PLAN PATWON YO

Pati Responsab yo dwe afiche plan sekirite konplè sou plas kote pou tout moun wè. Eta a mete disponib yon modèl plan sekirite pou re-ouvèti biznis pou gide mèt ak administratè biznis yo nan elaborasyon plan pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19.

Gen plis enfòmasyon, rekòmandasyon, ak resous sou sekirite ki disponib sou:

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Kowonaviris (COVID-19) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Wèb Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay COVID-19 la
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Nan Iyen ki pi ba a, konfime ke ou te li epi konprann obligasyon ou genyen pou ka fonksyone konfòmman a enstwiksyon sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>